# «ШӘРИЯР» ДӘСТАНЫН ОҚЫТЫЎДА ИНТЕРАКТИВ МЕТОДЛАРДАН ПАЙДАЛАНЫЎДЫҢ НӘТИЙЖЕЛИЛИГИ

**Е.К.Алламбергенов** - *еркин излениўши*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педогогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** «Шәрияр» достони, инновацион технология, интерактив метод, «бурчаклар» методи, синквейн методи, ПСМЖ технологияси, инновацион технология ва натижалилик.

**Ключевые слова:** дастан о «Шарияре», инновационная технология, интерактивный метод, метод «угола», методы синкбейн, ИППР технология, инновационная технология и результат.

**Key words: «**Shariyare» epos, innovation technology, interactive method, «corners» method, cinquuain method, IREC technology, innovative technology and results.

Педагогикалық технологиялар ҳәм сабақ барысында инновациялық технологияларды пайдаланыў бойынша Н.Н.Азизхужаева [1], Н.Ғуломова [3], Ж.Ғ.Йулдошев [4], В.Л.Голиш [2], Т.Мадумаров [5] қусаған алымлар изертлеў жумысларында илимий педагогикалық көзқарастан үйренип шыққан.

Усы көзқарастан қарақалпақ әдебиятын оқытыўда заманагөй сабақ түрлери менен оқытыў методларын дурыс пайдаланыў керек. Изертлеўшилер оқытыў формаларының характерине тийкарланып оқытыў методларын түсиндирип - көрсетип, репродуктивлик, машқалалы баян етиў, билимди излеп таптырыў ҳәм изертлеў түрлерине бөлгенди мақул деп есаплайды. Оқытыў методларын түрлерге ажыратыўда булардан басқа ҳәр түрли пикирлер ушырасады.

Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасының ишинде ең әҳмийетли мәселелердиң бири – бул сабақ барысында интерактив технологиялардан орынлы ҳәм дурыс пайдаланыў болып есапланады.

«Шәрияр» дәстанын оқытыўда сабақ түрлеринен пайдаланыў оқытыўшының педагогикалық шеберлигинен ҳәм излениўшилигинен келип шығады. Демек, сабақ түрлеринен дурыс пайдаланыў арқалы оқыўшылардың «Шәрияр» дәстанына болған қызығыўшылығын арттырып барады.

«Шәрияр» дәстанын оқыў, үйрениў арқалы оқыўшылар әдебий билим, әдеп-икрамлылық ҳәм эстетикалық тәрбияға ийе болады. Оқыўшылардың ой-өрисин өсириўде, олардың жазба ҳәм аўызша сөз байлығын, саўатлылығын раўажландырыўда әдебият пәниниң ўазыйпалары үлкен. Сонлықтан да қарақалпақ әдебияты пәни муғаллиминен оқыўшыларға жоқары идеялар бериў, эстетикалық жақтан раўажланған кәмил инсан етип тәрбиялаў талап етиледи.

Академиялық лицейлерде «Шәрияр» дәстанын оқытыўда интерактив методлар кеңнен қолланылады. Интерактив методларды қолланыў сабақтың нәтийжелилигин ҳәм тәсиршеңлигин арттырады. Бул методларды қолланыўдың тийкарғы мақсети-тек билим бериў емес, оқыўшылардың өзинше оқыў, излениў, сораўға жуўап табыў, қарар қабыл қылыў, сын пикирлеў көнликпесин қәлиплестириўден ибарат. Сабақ өтиўдиң оқыўшылар ҳәрекетшеңлигин асырыўшы интерактив методлар айырым илимий-педагогикалық әдебиятларда дәстүрий емес методлар деп те аталады Ҳәзирги ўақытта дүнья жүзинде интерактив методлар сабақ өтиўдиң нәтийжели методы сыпатында тән алынып, кең қолланылмақта. Қарақалпақ әдебияты муғаллими де жәҳән педагогикасы қолға киргизген жетисикенликлеринен пайдаланып, оқыў-тәрбия жумысларының сапалылығын еле де асырыўда бул методлардан қолланып барады.

Бағдарламаға киргизилген «Шәрияр» дәстанын интерактив методлар менен оқыўшыларға үйретиў ең зәрүрли методлардан есапланады. Солардың ишинде «Шәрияр» дәстанын оқытыў арқалы оқыўшылар дәстанды таллаў ҳәм баҳалаў көнликпелерин ийелейди. Бунда олардың тил байлығын раўажландырыў да нәзерде тутылады. Усындай интерактив методлардан бири «Мүйешлер» методы есапланады. Бул метод өтилген тема бойынша оқыўшыларда ҳәрқыйлы пикирлерди пайда етиўши усыллардың бири болып, көбинесе, сабақ өтип болғаннан кейин яки өтиў барысында қолланылады. Сабақ барысында «Мүйешлер» методы арқалы «Шәрияр» дәстанының сюжети бойынша оқыўшылар бирнеше топарларға бөлинип, сол өзлери таңлаған темада дискуссия шөлкемлестириўи мүмкин. Мәселен, «Шәрияр» дәстаны бойынша тапсырмаларды оқыўшыларға төмендегише бөлип берсек болады:

1. «Шәрияр» дәстанында адамгершилик темасы;
2. «Шәрияр» дәстанында әдиллик темасы;
3. «Шәрияр» дәстанында жақсылық темасы;
4. «Шәрияр» дәстанында жаманлық темасы.

Пән муғаллими бул методты түсиндирип болған соң жоқарыдағы берилген темалардан ҳәрбир топар өзлерине унаған темасын таңлап алып, сол таңлаған темасы бойынша бирнеше топарға бөлинеди ҳәм төмендеги тәртипте даўам етеди:

- Оқыўшылар усы берилген темалар үстинде ойланып, бир шешимге келиўи тийис. Олар өз пикирлерин илимий мийнетлерге таянған ҳалда баянлап, ҳәрқыйлы көзқарасларды билдиреди. Оқыўшыларға 5-7 минут ўақыт берип, олардан өз пикирин баянлаўшы кишкене шығарма жазыўды тапсырса болады;
- Жазып болғаннан кейин қарама-қарсы пикирге ийе болғанлар ҳәрқыйлы мүйешлерге бөлистирилип, пикирге қосылмайтуғынлар ортада турады; Топардың ағзалары 5 минут ишинде өз ара пикир алысып, ең жақси пикирлерди таңлап алады. Буннан тысқары, топар пикирин билдириўге бир ямаса еки дилўарды сөйлетиў керек;
- Топарлар гезекпе-гезек өз пикирин билдиреди, бунда олар исенимли фактлерди келтирип өтиўи тийис. Бундай пикирлесиўдиң дәслепки басқышын ислегеннен соң пикир алысыў топардың басқа ағзалары да қосылыўы мүмкин;
- Мүмкин айырым пикир билдирген қатнасыўшылар алдынғы шығып сөйлеўден соң өз пикирин өзгерткен шығар. Бундай жағдайда олар қәлеген ўақытта топарын өзгертиўи, басқа пикирлес топарға барып қосылыўы мүмкин. Муғаллим бундай көшиўлерди қоллап-қуўатлаўы керек;
- Пикирлесиў жуўмақланғаннан соң ҳәрбир топар өзиниң көзқарасларын ҳәм пикирин қосып жуўмақ жасайды. Соңынан ҳәрбир оқыўшыдан өз пикирлерин жазба жумыс формасында таярлаўды сораў керек. Себеби, ҳәмме оқыўшы өз пикирин баянлаў мүмкиншилигине ийе емес. Қурамалырақ жазба жумысларда қарама-қарсы тәрептиң пикирлери ҳәм оқыўшының өз көзқарасын қорғаў ушын олардың пикирлерин қолланыўы инабатқа алынады. Буннан соң пән муғаллими оқыўшыларға тийисли баҳаларын қойып, жиберилген қәте-кемшиликлер ҳәм жетискенликлерине бирме-бир тоқтап өтеди ҳәм жуўмақ жасайды. Бул метод арқалы сабақ өтиўдеги

тийкағы мақсет – аудиториядағы ҳәмме оқыўшыларды «Шәрияр» дәстанын үйрениўге қызықтырыў, өзлериниң жеке пикирин ҳәм көзқарасларын қорғаў, дискуссиялар шөлкемлестириў менен бирге аўызеки сөйлеў мәдениятын раўажландырыў болып табылады.

Көп қолланылатуғын методлардың бири «Синквейн» методы. "Синквейн" сөзи француз тилинен алынып, бизиңше "бес қатарлы қосық" деген мағанаға жақын келеди. «Шәрияр» дәстанына арналған сабақларда пән оқытыўшысы тәрепинен бул усылдан нәтийжели пайдаланылыўына болады. Бул методта қарақалпақ әдебияты муғаллими «Шәрияр» дәстанын оқыўшыларға үйретиўде семинар ямаса әмелий сабақларда оқыўшыларды киши топарларға ажыратып, олар менен ислескенде қолланылса мақсетке муўапық келеди. Мысалы:

1. Гүлшара
2. Қәҳәрли. Аяныштлы.
3. Жазылды. Оқыды. Сөйледи.
4. Жақсылық, жаманлық, әдиллик.
5. Қаҳарманлық, батырлық, ер жүреклик

Және де «Шәрияр» дәстанынан мысал келтирейик:

1. Шәрияр
2. Тыянақлы.Тәсирли.
3. Ядлады. Айтады. Түсиндиреди.
4. Гүлшара, Дарапша, Қодарқул, Ҳийлекер мәстан кемпир.
5. Заман, дәўир, ўақыт.

Солай етип, қарақалпақ әдебияты муғаллими әмелиятта интерактив методтың «Синквейн» түрин «Шәрияр» дәстанын оқытыў барысында қолланғанда оқыўшылардың алған әдебий билим ҳәм көнликпе дөретпелерин тез анықлап алыў менен бирге олардың санасына жеткерип берилген қурамалы информацияларды синтезлеў ҳәм улыўмаластырыў арқалы қабыл еткен түсиник ҳәм ой-пикирлерин басқаға билдирип, оны еркин дәрежеде қорғай алыў уқыплылығын арттырыўға, сондай-ақ дөретиўшилик ойлаў қәбилетин жетилистириўге белгили дәрежеде мүмкиншилик жаратып бере алады. Деген менен, буны әмелге асырыў ушын қарақалпақ әдебияты муғаллиминен терең методикалық билим, күшли сезимталлық ҳәм үлкен педагогикалық шеберлик талап етиледи.

Академиялық лицейлерде «Шәрияр» дәстанын үйрениўге ПСМУ методынан қарақалпақ әдебияты пәни муғаллими нәтийжели қолланса болады. Бул технологияны муғаллим оқыўшылардың оқыў бағдарламасы тийкарында белгили теманы үйрениўге кириспе сыпатында яки «Шәрияр» дәстанын үйренип болғаннан кейин пайдаланыў мүмкин. Бул методтың мақсети- оқыўшылардың өз пикирин баянлаў, себебин көрсетиў, «Шәрияр» дәстанынан мысал келтириў, «Шәрияр» дәстанына улыўма жуўмақ бериў сыяқлы мәселелерди тереңнен үйретиў болып табылады.

«Шәрияр» дәстанының сюжети бойынша **ПСМУ** технологиясы пайдаланыўға болады. Бул технологияның шәртлерине тийкарланып, бул тапсырманы 10 минут ўақыт ишинде орынлаў керeклиги оқыўшыларға түсиндириледи. Топар ағзалары өз пикирлерин қағазға түсиреди. Ҳәр басқыш бойынша жазылған мағлыўматларды бөлек-бөлек оқып еситтиреди. Солардан топар ағзаларының бири төмендегише жуўап береди:

**П-(пикир):** «Шәрияр» дәстанынан мысаллар келтириң.

**С-(себеп)**: «Шәрияр» дәстанынан мысаллар келтириң.

**М-(мысал):** «Шәрияр» дәстанынан мысаллар келтириң.

**Ж-(Жуўмақ):** «Шәрияр» дәстанынан мысаллар келтириң.

Усылайынша ҳәрбир интерактив технологиялардың нәтийжелери анықланып барылыўы керек.

Жуўмақлап айтқанда, оқыўшыларға «Шәрияр» дәстанын оқытыў барысында сабақ түрлеринен пайдаланыў ең зәрүрли методикалық мәселелерден есапланады. «Шәрияр» дәстанын аралас, бирлескен, жаңа билим бериў, пикирлесиў, лекция, конференция сабақ түрлери менен оқытыў пайдалы ҳәм нәтийжели болады.

«Шәрияр» дәстанын оқытыў барысында интерактив технологиялардан орынлы ҳәм дурыс пайдаланыў керек. Ҳәрбир методтың нәтийжесин оқыўшыларға еситтирип ҳәм оларды баҳалап барыў мақсетке муўапық болады.

Оқыўшыларға магнитофон плёнкасынан «Шәрияр» дәстанынан үзиндилерди еситтирсек, бириншиден, сабақты музыка менен байланыстырып өткен боламыз. Екиншиден, сабақтың сапасы ҳәм техникалық қураллардан пайдаланыў өзгешелиги артып барады. Ҳәр бир сабақта көрсетпели қураллардан пайдаланыў пән муғаллиминиң методикалық шеберлигине байланыслы болады. Көрсетпели қуралсыз өтилген сабақты сапалы ҳәм методикалық талапқа жуўап беретуғын сабақ деп атаўға болмайды.

**Әдебиятлар**


1. Азизхужаева Н.Н. Педагогик технология ва педагогик маҳорат. -Т.: 2003.
2. Голиш Л.В. Что нужно знать обучающему о современных технологиях обучения? // Экспериментальное учебно-методическое пособие. -Ташкент: ИРССПО, 2002.
3. Ғуломова Н. Адабиёт дарсларида илғор педагогик технологияларидан фойдаланиш. –Тошкент: «РТМ», 2003. 89-б.
4. Йулдошев Ж.Ғ., Усманов С.А. Педагогик технология асослари. –Тошкент: «Ўқитувчи», 2004. 146-б.
5. Мадумаров Т., Камолдинов М. Инновацион педагогик технология асослари ва уни таълим тарбия жараёнида қўллаш. –Тошкент: «Талқын», 2012. 143-б.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада инновацион технологияларни, хусасан адабиёт дарсларида интерактив методлардан фойдаланиш афзалликлари ҳақида сўз боради. Тадқиқотчи «Шарияр» достонини интерактив усуллар ёрдамида ўқитишда «Бурчаклар», «Синквейн», ПСМЖ каби метод технологиялардан самарали фойдаланиш йўлларини далиллаб берган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматривается эффективность использования инновационных технологий, в том числе интерактивных методов, при преподавании уроков литературы. Исследователь убедительными примерами доказывает, что такие методы, как «угол», «синквейн», «ИППР», являются эффективными методами интерактивного обучения эпосу «Шарияр».

**SUMMARY**

The article discusses the effectiveness of the use of innovative technologies, including interactive methods in the teaching of literature lessons. The researcher proves with convincing examples that such methods as "corners", "Sinkvein", "IREC" are effective methods of teaching the epic "Shariyar" in an interactive way.